



Pou Piblikasyon Imedya: 09/12/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE LITTLE FALLS KÒM DEZYÈM GAYAN 10 MILYON DOLA NAN MOHAWK VALLEY NAN KAD SENKYÈM FAZ INISYATIV REVITALIZASYON ANBA LAVIL LA**

*Eta a pral travay avèk rezidan yo, lidè kominote yo ak responsab piblik yo pou revitalize anba lavil Little Falls la*

*Investisman pou revitalizasyon anba lavil yo se yon pati esansyèl nan estrateji global eta a pou revitalize kominote yo epi devlope ekonomi an*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke Little Falls pral resevwa 10 milyon dola nan finansman kòm youn nan gayan Mohawk Valley nan kad senkyèm faz Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil (Downtown Revitalization Initiative, DRI) la. Nan senkyèm faz DRI a, chak nan 10 rejyon devlopman ekonomik rejyonal eta a yo ap resevwa 20 milyon dola, pou bay yon angajman total eta a ki se 200 milyon dola nan finansman ak investisman pou ede kominote yo estimile ekonomi yo apre COVID-19 nan transfòme anba lavil yo pou yo vin tounen katye ki dinamik.

"Tout Nouyòkè merite aksè ak yon zòn anba lavil ki aktif kote yo ka jwenn yon travay ki byen peye ak yon kote pou yo viv ki abòdab, epi Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la ede fè sa vin yon reyalyte", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Revitalizasyon Distri Litoral Little Falls la pral tounen yon lòt istwa siksè nan pwojè sa a, paske tout moun k ap viv ak travay la pral jwi pwosperite ekonomik kontinyèl ak yon anviwonman kominotè primitif."

**Gouvènè Adjwen an, Brian Benjamin, te deklare,** "Nouyòkè yo merite aksè fasil nonsèlman ak yon anba lavil ki vibwan, men tou aksè ak travay ki byen peye ak yon lavi abòdab. Sibvansyon sa a pral asire plis revni ekonomik ak kreyasyon djòb nan Little Falls epi l ap ede mete New York sou wout pou rebati pi byen pase anvan."

Dirije pa Depatman Deta (Department of State, DOS), DRI sèvi kòm yon pyè angilè politik devlopman ekonomik eta a nan transfòme katye anba lavil yo pou tounen sant aktivite dinamik ki ofri yon kalite lavi elve ak atire redevlopman, biznis, travay ak divèsite ekonomik ak lojman. Nan faz sa a, Gouvènè Hochul te double finansman soti nan 100 milyon dola rive 200 milyon dola epi pèmèt chak Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal (Regional Economic Development Council, REDC) deside si pou nonmen de benefisyè 10 milyon dola yo oswa yon benefisyè 20 milyon dola pou pwojè

reyamenajman transfòmètè ak katalizè anba lavil. Menm jan ak faz DRI pase yo, chak kominote yo chwazi ap devlope yon plan estratejik atravè pwosesis planifikasyon asandan ak kominotè ki kominike yon vizyon pou revitalizasyon anba vil li a epi edantifye yon lis pwojè kle ki gen potansyèl pou transfòme anba vil la ak maksimize plis investisman prive ak piblik. Y ap akòde fon DRI yo pou pwojè yo chwazi ki genyen pi bon potansyèl pou relanse revitalizasyon an epi reyalize vizyon kominote a pou anba lavil la. Atravè DRI a, Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA), y ap bay benefisyè yo sipò teknik pou ede yo enkli prensip netralite kabòn pou sipòte objektif eta a pou diminye emisyon gaz efè sèr yo a 85 pousan dis 2050.

### **Little Falls**

DRI Little Falls la pral konsantre sou Distri Bò Litoral la. Kòm sèl vil nan Konte Herkimer, Little Falls vle vin kominote rezidansyèl ki pi dezirab nan rejyon an lè li rekonekte pati izole yo nan vil la pou kreye yon sèl distri litoral anba lavil la. Vil la te wè apeprè 11.6 milyon dola nan dènye investisman ak envestisman kontinyèl yo epi li prevwa yon lòt 76.8 milyon dola alavni. Investisman sa yo gen ladan nouvo lojman an apatman, yon sit distilasyon boubon, ak yon nouvo estasyon tren k ap founi sèvis pou pasaje yo. Baze sou momantòm sa a, Little Falls vize ogmante opòtinite lojman, elaji koneksyon pyeton/bisiklèt, epi ogmante sekirite bisiklèt/pyeton nan zòn anba lavil la.

Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Mohawk Valley (Mohawk Valley Regional Economic Development Council) te fè yon pwosesis revizyon apwofondi epi konpetitif pou pwopozisyon ki soti nan tout rejyon an epi konsidere tout sèt kritè ki anba la yo anvan ke yo rekòmande Little Falls kòm youn nan nonminen yo:

- Anba lavil la dwe konpak, ak limit ki byen defini;
- Anba lavil la ka kapitalize sou investisman prive ak piblik yo te fè avan yo epi katalize sila k ap fèt nan katye a ak zòn ki ozalantou yo alavni;
- Kantite pòs travay yo dwe te ogmante dènyèmman oswa yo gen pou ogmante anndan, oswa nan zòn ki touprè sant vil la yo ki ka atire travayè yo vin nan anba lavil la, soutni redevlopman epi fè kwasans lan dirab;
- Anba lavil la dwe se yon kominote ki abitab epi ki atiran pou divès popilasyon ki gen tout laj, revni, sèks, idantite, kapasite, deplasman ak orijin;
- Minisipalite a dwe deja adopte oswa gen kapasite pou kreye epi reyalize politik k ap ogmante abitabilite ak amelyore kalite lavi, ki gen ladan itilizasyon bank fonsye lokal yo, kòd repatisyon zòn ak estanda pakin modèn, plan ri konplè, pwojè pou efikasite enèjetik, travay ekolojik, ak devlopman ki oryante sou transpò komen;
- Minisipalite a dwe mennen yon pwosesis angajman kominotè ki djanm epi ouvè ki ap abouti an yon vizyon pou revitalizasyon anba lavil ak yon lis preliminè pwojè ak inisyativ y ap kapab mete nan yon plan investisman estratejik DRI;
- Minisipalite a gen kapasite lokal pou jere pwosesis DRI a; epi
- Minisipalite a te idantifye pwojè transfòmètè ki pral pare pou aplikasyon akoutèm avèk yon enjeksyon fon DRI yo.

Little Falls rejwenn kounye a Gloversville kòm gayan Rejyon Mohawk Valley nan kad senkyèm faz DRI a. Oneonta, Rome, Amsterdam ak Utica se te ganyan Rejyon Mohawk Valley nan premye kat faz DRI yo, respektivman.

Little Falls pral kounye a kòmanse pwosesis devlopman yon Plan Envestisman Estratejik pou revitalize anba lavil li ak jiska 300,000 dola nan fon pou planifikasyon yo ki soti nan sibvansyon DRI 10 milyon dola a. Yon Komite Planifikasyon Lokal (Local Planning Committee) ki gen ladan reprezantan minisipal yo, lidè kominotè yo ak lòt pati konsène yo pral dirije efò sa, epi y ap resevwa sipò nan men yon ekip espesyalis nan sektè prive a ak planifikatè eta a yo. Plan Envestisman Estratejik pral egzamine atou ak opòtinite ki gen onivo lokal yo, epi idantifye pwojè devlopman ekonomik, transpò, lojman, ak pwojè kominotè yo ki aliyen ak vizyon kominote a genyen pou revitalizasyon anba lavil la, epi ki pare pou yo mete yo sou pye. Plan Envestisman Estratejik pral gide investisman fon sibvansyon DRI yo nan pwojè revitalizasyon yo ki pral fè vanse vizyon kominote a pou anba lavil li a, epi ki ka favorize ak ajoute sou investisman 10 milyon dola eta a. Plan pou senkyèm faz DRI a pral fin konplete an 2022.

**Sekretè Eta Pwovizwa, Brendan C. Hughes, te deklare,** "Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la ap ede transfòme anba lavil atravè eta a an sant aktivite k ap pwospere. Little Falls se dènye kominote ki benefisyè pwogram sa a, ki pral ede konstwi sou investisman ki sot pase yo pou konekte ak litoral li a otou Kanal Erie a. Prim 10 milyon dola sa a pral kontribye anpil pou ogmante opòtinite pou rezidan yo, biznis yo ak vizitè yo nan Little Falls epi Depatman Deta a ap tann ak enpasyans pou li travay ak vil la pou li vivifye vizyon li an."

**Komisè pa Enterim ak Direktè Egzekitif ak PDG yo deziyen pou Empire State Development lan, Hope Knight te deklare,** "Zòn litoral Eta New York yo fè pati jwayo kouwòn li yo. Prim DRI a pral pèmèt Little Falls ranfòse ekonomi li a lè li pwofite Distri Litoral li a, epi kreye yon kominote ki pratik pou pyeton, epi ki konekte ak plis lojman ak opòtinite lwazi pou rezidan yo ak vizitè yo."

**RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominotè nan Eta New York, te deklare,** "Pwogram DRI a ap dirije renovasyon ak restorasyon resous enpòtan anba lavil yo nan chak rejyon nan eta a. Little Falls sou pwèn pou li mete envestisman 10 milyon dola sa a pou rezidan li yo ak pou aktive sant vil istorik li a ak komès ak nouvo vizitè. Gras ak Gouvènè Hochul ak lidè lokal vizyonè nou yo nan Little Falls, nou pral kenbe momantòm k ap konstui nan Mohawk Valley a."

**Doreen M. Harris, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral, NYSERDA te deklare,** "Nou felisite Little Falls pou prim sa a epi n ap tann pou nou travay avèk yo pandan y ap kreye yon vizyon pou litoral pa yo ki gen ladann prensip ki gen nentralite kabòn. Pandan n ap fè tranzisyon nan direksyon yon ekonomi enèji pwòp, efò revitalizasyon anba lavil atravè eta a pral kreye opòtinite epi amelyore kalite lavi rezidan yo pandan y ap diminye emisyon danjere pou sipòte objektif klimatik nou yo."

**Direktè Canal Corporation Eta New York, Brian U. Stratton, te deklare,** "Jodi a, nou selebre Vil Little Falls otou Kanal Erie anblematik la pandan y ap rejwenn apeprè 20 lòt kominote nan koridò Kanal la nan resevwa finansman estratejik atravè pwogram Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil Eta a. Gouvènè Hochul konnen kle pou revitalizasyon efikas anba lavil se yon patenarya solid ant gouvènman lokal la ak Eta a. Vil Little Falls te montre klèman yon angajman pou asire kominote bò kanal yo a kontinye pwospere lè li aktive yon distri litoral anba lavil ki konekte. Pandan apeprè 200 ane, Kanal Erie ak sistèm Kanal la se te motè devlopman ekonomik, ki pèmèt yon ansanm kominote grandi ak pwospere, epi investisman sa a garanti ke Little Falls pral kontinye fleri".

**Senatè Peter Oberacker, te deklare,** "Little Falls te ranpòte finansman DRI Eta New York lan gras ak yon plan ki prezante yon vizyon enteresan pou devlopman ekonomik ak kwasans kominotè ki santre sou sant anba lavil lan. Resous natirèl bò litoral yo, yon eritaj kiltirèl rich, ak ide inovatè ki soti nan men moun ki gen enterè lokal yo te pwodui yon aplikasyon sanzegal. Little Falls gen yon istwa enpòtan, e inisyativ transfòmasyon sa a pral ede mennen nan yon avni ki pote siksè pou vil la ak tout rejyon Mohawk Valley a."

**Manm Asanble Brian Miller, te deklare,** "Mwen kontan dèske Little Falls ap resevwa finansman sa a nan kad Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la, sa ki pral yon gwo ogmantasyon ki nesèsè anpil pou rejyon an. Avèk lajan sa a, nou pral kapab kreye yon distri litoral inifye nan anba lavil Little Falls la. Mwen pa ka tann pou mwen wè pwøjè sa a kòmanse epi mwen espere ke nou pral kapab rann yo fè konstriksyon nan yon fason rapid ak alè."

**Majistra Little Falls, Mark Blask, te deklare,** "Pandan ke Vil Little Falls gen yon istwa enpresyonan, pi bon jou nou yo toujou devan nou. Investisman estratejik ak istorik sa a ki se 10 milyon dola ki soti nan Eta New York pral pwofite resous nou yo ki deja egziste ak nouvo teknoloji dènye kri ki pral mennen ti vil nou an nan pwochen jenerasyon an. Ajanda solid nou pou Repanse, Rebati, ak Rekonekte kè Vil la vin posib kounye a nan kad lidèchip Gouvènè Kathy Hochul. Mwen bat bravo pou efò li paske li kontinye defann nan non kominote tyo ankou pa nou nan Mohawk Valley."

**Ko-prezidan MVREDC, Lawrence T. Gilroy III, Prezidan Gilroy, Kernan & Gilroy, Inc. ak Doktè Marion Terenzio, Prezidan SUNY Cobleskill, te deklare,** "MVREDC kontan anpil pou posiblite ke investisman DRI sa a kreye. Yon kominote Little Falls ki pi konekte pral ajoute sou dezirabilite vil la kòm yon destinasyon Konte Herkimer, epi nou espere travay sou plan ki pral fè vizyon sa a vin yon realite."

**Enfòmasyon Konsènan Inisyativ pou Renovasyon nan Sant Vil la**  
[Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la](#) te lanse an 2016 pou akselere epi elaji revitalizasyon anba lavil yo ak katye yo nan tout dis rejyon eta a pou sèvi kòm sant aktivite epi katalizè pou investisman. Dirije pa Depatman Deta a, inisyativ la reprezante yon estrateji plan aksyon san parèy ak inovan ki asosye planifikasyon

estratejik ak aplikasyon imedya, ki pote avèk li yon ekip entè-ajans ekspè eta a pou sipòte kapasite gouvènman lokal la nan reyalize vizyon kominote pa yo.

Nan kat premye ane pwogram nan, eta a te angaje 400 milyon dola pou investi nan anba lavil yo ki pare pou revitalizasyon epi ki gen potansyèl pou tounen leman ki ap atire redevlopman, biznis, kreyasyon travay, pi gwo divèsite ekonomik ak lojman, ak opòtinite. Senkyèm faz DRI a pral gen yon angajman siplemantè 200 milyon dola. Kominote k ap patisipe yo dezinye pa 10 Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal eta a dapre potansyèl anba lavil la pou transfòmasyon. Yo akòde chak kominote 10 milyon dola pou yo devlope yon plan investisman estratejik pou anba lavil epi pou reyalize pwojè katalizè kle ki fè vizyon kominote a pou revitalizasyon avanse ak maksimize investisman siplemantè prive ak piblik yo.

Reyamenajman anba lavil la jwe yon wòl esansyèl nan efò nasyonal Eta a pou sipòte devlopman ekonomik dirab, ranvèsè chanjman klimatik, ak pwomouvwa jistis sosyal nan kreye kominote ki aksesib pou pyeton, bisiklèt ak transpò an komen ki redui anpil itilizasyon otomobil ak emisyon gaz a efè sèr yo. DRI sipòte tou inisyativ Sante Eta a Atravè tout Règleman/NY Adapte pou Laj (State's Health Across All Policies/Age-Friendly NY) a nan kreye plis opòtinite pou lwazi ak egzèsis anplennè; ofri espas piblik sekirite, aksesib pou entèraksyon sosyal, ki amelyore sante mantal; ak elaji aksè ak manje fre, nitritif, espesyalman nan kominote defavorize yo.

Se Sekretè Deta Eta New York la ki nan tèt inisyativ la. Kominote yo resevwa ankadreman nan men ekspè sektè prive yo ak yon nan men yon ekip pèsonèl ajan etatik ke Depatman Deta dirije an patenarya sere ak Empire State Development, ak Renouvèlman Kominotè ak Lojman eta a.

###

Lèt nouvell disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)